

## Lekòl Piblik Polk County

### Izaj Responsab Teknoloji- Middle e High Schools

Mwen responsab pou pratike sitwayènte dijital pozitif. M ap trete moun avèk diyite e respè lè mwen itilize teknoloji e monte sou entènèt.

- M ap onèt e respektive nan kominikasyon dijital, pos, e enpresyon.
- M ap saj nan prezans anliy mwen e m pap fè menas, ensilt kont lòt moun avèk kriyote. M ap chwazi pawòl mwen avèk swen nan kominike avèk lòt moun e panse sou kijan moun ka entèprete pawòl mwen yo.
- M ap itilize langaj apropiye lè m ap itilize ekipman mwen ki ede lòt moun santi yo respektive e valorize e ki anplwaye profanite.
- M ap bay kredi ak lòt otè ou sous le mwen itilize enfòmasyon oswa ide ki pa pam. M konnen mank pou pa site korekteman sous enfòmasyon mwen rele kopyaj ou plajyarisman ou vòl.
- M ap tcheke done enfòmasyon yo anvan mwen pataje li dijitalman.
- Mwen pap imite lòt moun ou eseye trike moun nan panse sa mwen te ekri se lòt moun ki te fè li.
- Mwen konprann bagay mwen te poste lòt moun ka wè yo nan lekòl e lakay, e bagay ki poste sou entènèt tout lòt moun atravè lemond ka wè yo.

### Aprantisaj Dijital

Mwen konprann teknoloji lekòl e rezo yo bay prensipalman pou ede sipòte aprantisaj.

- M ap respektive propriyete e travay lòt moun. Mwen pap kopye, chanje, ou etire travay yon lòt etidyan nan òdinatè, rezo lekòl la, ou entènèt la.
- M ap itilize teknoloji pou sipòte aktivite sal klas yo ou devwa yo.
- M ap loge sou òdinatè ou rezo avèk pròp non e mo d'pas pa m.
- M ap itilize forum anliy ou resous teknoloji pou triche nan tès.

### Responsablite e Sekirite

Mwen konnen ekipman mwen yan e zouti kominikasyon anliy mwen yo dwe itilize kòrekteman e avèk respè.

- M ap itilize sit entènèt sekirize.
- Si m jwenn yon bagay ki pa apropiye sou entènèt la, m ap kite li tousuit e notifie yon anseyan-an oswa yon adil konfyans.
- M ap rapòte nenpòt move izaj ekipman ou rezo bay yon anseyan.
- M ap pran swen ekipman lekòl la e tout ekipman teknoloji yo asiye m.
- M ap respektive mezi sekirite rezo distri yo.
- M ap telechaje sèlman materyèl e aplikasyon ki sot nan sous anseyan mwen aprouve.
- Mwen pap pataje enfòmasyon pesonel (ni pa mwen ni pa lòt etidyan), enkli referans sou kote m rete, detay sou fanmi e zanmi mwen (enkli non yo), laj mwen, jou nesans, adres kay, ou nimero telefon sou entenet.

### Enkyetid Teknoloji

- Lè mwen fè yon bagay ki pa dapre kontra sa-a, m ap pale l ak yon anseyan oswa yon adil konfyans ki pou ede m jwenn fason pou korije sa.

- M ap stope imedyatman e m ap di anseyan si gen nenpòt bagay ki rive sou òdinatè ya ou sou entènèt la ki sanble pa dwat ou ki fè m santi m enkonfòtab.
- Mwen konprann sèvi ak nenpòt teknoloji lekòl oswa rezo se yon privilèj mwen dwe gaye atravè izaj responsab.
- Lè mwen fè yon bagay ak ekipman mwen ki pa an akò ak kontra sa-a, m ap kite yon adil konfyans konnen sa e mande pou yo ede m fè li dwat. Si m pa ka rive ekzekite pati pam nan kontra sa-a byen toutan, m konnen yo ka anlve privilèj yo nenpòt moman e m ka fè fas ak konsekans adisyonèl.

Attribution: Adapted from ISTE DigCit Coalition guide, *Setting Conditions for Success: A Guide for Creating Effective Responsible Use Policies*. Sources credited: Los Angeles Unified School District; La Cañada Unified School District; Digital for Good: Raising Kids to Thrive in an Online World.